

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Yesus
Ngareureuheun
Laut Ribut



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen


Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.





Yesus sareng murid-murid-Na keur aya dina parahu, ngadadak aya angin ribut. Laut Galilea teh asa dikocok ku amukan. Badai nu kieu teh matak kapal karam sareng tilelep.



Angin ribut teh matak murid-murid sarieuneun.
Ombak nutupan parahu, cai arasup. Tapi Yesus
mah saré dina bantal, saré dina kaayaan ieu badai.
Murid-murid ngahudangkeun Yesus, sasambat,



"Guru, Guru,
urang teh
bakal
binasa!"




"Naha anjeun sieun, eh anu teu cangcaya?"
Yesus nanya ka murid-murid-Na. Lajeng Yesus
maréntahkeun angin pikeun ngeureunkeun niupan. . .
Jeung . . . Yesus maréntahkeun ombak anu
ngagelebug geura rerep. . .




LAJEUNG ANGIN TENANG ...
LAUT JADI TENANG.


Murid-murid reuwaseun, pokna, "Saha ieu teh, nepi
ka angin jeung sagara nurut ka Anjeunna!"




Heuleut sawatara waktu, kaalaman deui ku Yesus dinten-dinten anu sibuk. Leuwih 5000 urang geus nuturkeun Anjeunna ka hiji tempat anu sepi. Ku kakawasaan Allah, Yésus nyumponan sakabéh jalma réa ngan ngagunakeun dahar beurang budak leutik. Ayeuna geus soré. Yesus ngutus sadayana.




Malah murid-murid kudu indit. Yesus ngajak maranehna naek kana parahu sarta miheulaan Anjeunna ka peuntaseun Talaga Galilea.






Saparantos diusir,
Yesus naek ka
gunung nyalira,
bade neneda.
Nalika sonten
parantos sumping,
Anjeunna nyalira
di ditu.





Ka luar ti situ, murid-murid
kakurung ku angin ribut.
Kapegat ku angin badai
aranjeunna batal meuntas
cai, sanajan aranjeunna
ngada-yung sababaraha
jam. Murid-murid henteu
terang, tapi
aranjeunna
kaget
pisan!






Dina hiji tempat waktos antara tabuh tilu sareng genep isuk-isuk, keur laut katebak ku angin, murid-murid teh ningali anu matak pikareueuseun. "Éta hantu!" aranjeunna ngagorowok. Tapi eta teh Yesus, Gusti tur Guru maranehna, sumping ka maranehna, **LEUMPANG DINA LUHUR CAI.**



"Sing bagja!" Yesus
nyauran maranehna.
"Ieu Kami; tong sieun."
Petrus ngawaler, "Gusti,
upami éta Anjeun,
paréntah abdi sumping
ka Anjeun dina cai." Ku
kituna Yesus ngadawuh,
"Hayu." Kalawan wani,
Petrus kaluar tina
parahu ka cai, terus
leumpang ngadeukeutan
Yesus.





Tapi nalika anjeunna
ningali angin
ngahiliwir, Petrus
jadi sieun, sarta
mimiti tilelep.
Anjeunna
ngagorowok, "Gusti,
salametkeun abdi!"



Geuwat, Yesus ngacungkeun panangan-Na, nyekelan Petrus. "Eh anjeun anu kurang iman, naha anjeun ragu?" Mantena naros. Nalika Petrus jeung Gusti Yesus naek kana parahu, angin teh rerep.



Geus kitu jalma-jalma
anu aya dina parahu
daratang, nyembah ka
Yesus, pokna, "Saestuna,
Anjeun teh Putra Allah."



Yesus Ngareureuheun Laut Ribut


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mateus 8, 14; Markus 4; Lukas 8

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





| 48

||||| 60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

